УФ-м и цIыхухэм къагъэлъэгъуащ я дзыхь зрагъэзэхэр

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№230 (22.138) ● 2011 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 6, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Хэхыныгъэхэр-2011

Хэхыныгъэхэм хэтщ Къанокъуэ Арсен, Васильев Юрий, Жамборэ Владимир сымэ.

Къанокъуэ Арсен Iэ еIэт

Вэсэмахуэ Урысей Федерацэм щыхахащ Къэрал Думэм и 6-нэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр. Хабзэ зэрыхъуауэ, КъБР-м и хэхакIуэ участкэ псоми а Iуэхур, гуфIэгъуэкIэ яIэту махуэр щрахьэкIащ. Урысейм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм къызэратамкIэ, Iэ Iэтыным хэтащ республикэм щыпсэухэм я процент 91-р. Ар цIыхухэр хэхыныгъэхэм сыт хуэдэу хущытми къэзыгъэлъагъуэ бжыгъэшхуэщ.

Дауи, хэхыныгъэхэм хэтащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсени. Абы Iэ щиIэтар Налшык и 130-нэ хэхыпIэ участкэращ. ЕтIуанэ курыт еджапIэм къыщызэрагъэпэща а участкэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIыр къэкIуат Къэрал Думэм и депутат Васильев Юрий и гъусэу. Абы Налшык Iэ щиIэтащ, хэхыныгъэхэм нэгъуэщI щIыпIэ щыхэтыну хуит зыщI талон зэриIэм къыхэкIыу.

Къанокъуэ Арсенрэ Васильев Юрийрэ щыгъуазэ зыхуащIащ электроннэ IэIэтыр къызэзыгъэпэщ системэм и лэжьэкIэм, администраторхэр трагъэпсэлъыхьащ абы и ефIэкIыныгъэм.

Электроннэ IэIэт Iэмэпсымэхэр Налшык и хэхакIуэ участкэу плIым яIауэ аращ. Урысей псом апхуэдэ участкэу 327-рэ щылэжьащ. А IэмалыщIэр щагъэувар Урысейм и щIыналъэ «щIыхуфэ» зыфIащахэм я закъуэщ. Апхуэдэхэм хиубыдащ Къэбэрдей-Балъкъэрри.

Iэ иIэта нэужь, республикэм и Президентым къыхигъэщащ иджырей хэхыныгъэхэм къыщагъэсэбэп IэмалыщIэр зэрытыншыр.

- Уэ къыхэпхар медан зыбжанэм къриубыдэу урысейпсо базэм нэсынущ. Гъэ къэс нэхъ зыубгъуауэ электроннэ системэр ди къэралым къыщагъэсэбэпыну къыщIэкIынщ. ИкIи ар тэмэмщ, тыншщ, нэхъ щыуагъэншэу лэжьэнущ, - жиIащ Къанокъуэ Арсен, IэIэтым и электроннэ IэмалыщIэхэм теухуауэ.

Сыт хуэдэ гурыщIэхэр иIэу хэхыныгъэхэм къэкIуами журналистхэр щыщIэупщIэм, республикэм и унафэщIым къыхигъэщащ къэралми Къэбэрдей-Балъкъэрми зэхъуэкIыныгъэфIхэр а Iуэхум къыщыдэкIуэным зэрыпэплъэр.

- Сыхуейт IэIэт къэс цIыхухэр нэхъ жыджэру хэтыну, езыхэм я къэкIуэнур къыхахыжыну. Хэхыныгъэхэм щыкIуэкIэ, дэтхэнэри щогугъ абы ди гъащIэр фIы и лъэныкъуэкIэ ихъуэжыным. Сыхуейщ ди республикэм и экономикэм, и цIыхухэм нэхъ псынщIэу заужьыну, зэманым хуэтщI пщIэр, худиIэ щытыкIэр едгъэфIэкIуэну, - жиIащ Къанокъуэ Арсен, а упщIэм жэуап щритым.

Налшык Iэ щиIэта нэужь, КъБР-м и Президентыр кIуащ Прохладнэ къалэ. Ар щыIащ абы и хэхакIуэ участкэхэм ящыщ зым, Iэ щаIэт пэшыр зыхуэдэр зэригъэлъэгъуащ, хэхыныгъэхэр зэрекIуэкI щIыкIэм щыгъуазэ зыхуищIащ, КПРФ партым къыбгъэдэкIыу Iэ зэраIэтым кIэлъыплъым епсэлъылIащ.

КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм къызэритамкIэ, сыхьэт 15-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым Iэ щаIэтат хэхакIуэхэм я процент 74,8-м.

ГЪУЩIО Зариф.

Сурэтхэр тезыхар **КЪАРЕЙ Элинэщ.**

Республикэм и УнафэщIым езым и лэжьапIэ пэшым щригъэблэгъащ иджыблагъэ дунейпсо чемпион хъуа Аккаев Хьэжмурат.

АР ЩЭКIУЭГЪУЭМ и 5 - 13-хэм атлетикэ хьэлъэмкIэ Париж щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым Урысейм и цIэкIэ хэтащ икIи килограмми 105-рэ зи хьэлъагъ спортсменхэм я деж япэ увыпIэр щиубыдащ. А текIуэныгъэм Хьэжмурат къыхуихьащ 2012 гъэм Лондон щекIуэкIыну Олимп зэхьэзэхуэм и лицензэр. Президентыр абы ехъуэхъуащ адэкIи ехъулIэныгъэ инхэр иIэну: «Дэ ди спортсменхэм сыт и лъэныкъуэкIи дадэIэпыкъунущ. Фэ ди республикэм и цIэр фогъэIу икIи сабийхэм я дежкIэ щапхъэу фыщытщ. Дэ Олимпиадэм и дыщэ дамыгъэр фIэкIыпIэ имыIэу къытлъысын хуейщи, ар пхузэфIэкIыну си гуапэщ».

Аккаев Хьэжмурат апхуэдэ псалъэ гуапэхэм папщIэ республикэм и УнафэщIым фIыщIэ хуищIащ икIи жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэфащэу утыку итын папщIэ и къарум зэремыблэжынур. Хьэжмурат и гъэсакIуэми Президентым фIыщIэ хуищIащ зэпымыууэ спортым и нэIэ зэрытригъэтым папщIэ: «Уэ республикэм и Президентым и къулыкъу лъагэм узэрытеувэ лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортыр лъагапIэщIэхэм нэсащ. Уи нэIэ къызэрыттетыр дэ зэпымыууэ зыхыдощIэ икIи республикэм ехъулIэныгъэхэр къызэрыхуэтхьыным ерыщу дыхущIокъу».

Къанокъуэ Арсен къыхигъэщхьэхукIащ спортым зэрыдэIэпыкъу ахъшэм зэрыхагъэхъуэнур. КъБР-м и Президентым зэрахуигъэувам тету, республикэ бюджетым хэплъэжри, спорт зэхьэзэхуэ инхэр егъэкIуэкIыным текIуэдэну ахъшэр къалъытащ. «Дэ зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ спортсменхэр дгъэсэн икIи абыхэм зэпымыууэ дадэIэпыкъун хуейщ. Дэ диIэщ къэралым и командэ къыхэхахэм хэту утыку ихьэфын щIалэ лъэщхэр. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, абыхэм дунейпсо, олимп чемпионхэр къахэкIмэ ди гуапэщ», - къыхигъэщхьэхукIащ Къанокъуэ Арсен.

Дуней псом и чемпион Аккаев Хьэжмурат хэтщ щэкIуэгъуэ мазэм Урысейм и спортсмен нэхъыфI цIэр фIащын папщIэ къыхахахэм.

ДЕРБЫТ Къазбэч.

КъБР-м и Президентыр дунейпсо чемпионым йохъуэхъу

● Дифi догъэлъапIэ

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Захуагъэр я тегъэщIапIэу

«Муслъымэн зэкъуэшхэр» партым зигъэхьэзырхъым ислъам диным и хабзэхэр чыристэн куэд зыхэт мысырхэм залымыгъэкIэ къаригъэщтэну. Ар дыгъуасэ къыжиIащ хуитыныгъэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ я ислъам партым и унафэщIым и къуэдзэ Исам аль-Арьян.

- Дэ егъэлеиныгъэ зыхэмылъ захуагъэм и партым дрилIыкIуэщ икIи дыхущIокъу цIыхум и хуитыныгъэхэмрэ и щхьэхуитыныгъэмрэ пщIэ хуэзыщI законодательствэр къэдгъэсэбэпыну, - къыхигъэщащ абы.

Аль-Арьян къызэригъэлъагъуэмкIэ, абыхэм даIыгъыркъым «Ан-нур» салафит партым Мысырым щыпсэухэм я гъащIэр тIкIийуэ ислъамым и хабзэхэм ешэлIэным теухуа я мурадхэр, нэгъуэщI дин зезыхьэхэми пщIэ хуащIыну загъэхьэзыр.

Дыгъуасэ Мысырым и провинцэ 27-м щыщу 9-м щыхахыжащ парламент IэIэтхэм я япэ турым хуримыкъуа бжыгъэхэр. «Муслъымэн зэкъуэшхэмрэ» салафитхэмрэ я зэпэщIэувэныгъэр щынэхьыщхьэщ Каир, Александрие, нэгъуэщI къуейхэми.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, хэхыныгъэхэр Мысырым щекIуэкIат щэкIуэгъуэм и 28 - 29-хэм. Дыгъуасэ екIуэкIам абы къыпищауэ аращ.

США-м и лъэужьхэр

Вьетнамыр хуэныкъуэщ доллар мелуан 500. 1965 - 1975 гъэхэм США-м зауэ къащрищIылIам щыгъуэ, абы и авиацэм кърипхъыха авиабомбэхэм ящыщу къэмыуэу къэнахэр шынагъуэншэ ищIын папщIэ.

Ар а къэралым щекIуэкIа дунейпсо семинарым щыжиIащ Вьетнамым и правительствэм и лIыкIуэ Буй Хонг Лин.

- Вьетнамым фIыщIэшхуэ яхуещI а IуэхумкIэ дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъуа къэралыгъуэхэм икIи бомбэхэмрэ лагъымхэмрэ шынагъуэншэ щIыным текIуэдэну ахъшэр дяпэкIи хамэ къэралхэм къытхуаутIыпщыну догугъэ, - жиIащ абы.

НобэкIэ Вьетнамым къыIэрыхьащ доллар мелуан 200. Ар ирикъунущ къэралым и куей 14-м хиубыдэ гектар мин 500-м авиабомбэхэмрэ лагъымхэмрэ къыхэгъэкъэбзыкIыжыным. Ауэ ар ягъэкъэбзэн хуей щIыпIэм и проценти 7,6-рэ къудей хъууэ аращ. А зауэр екIуэкIыху, США-м къигъэсэбэпащ авиабомбэ, лагъым зэмылIэужьыгъуэу тонн мелуан 16. БлэкIа илъэс 40-м къриубыдэу ахэр къызэрыуэм и зэранкIэ хэкIуэдащ цIыху мин 42-рэ, мин 62-рэ уIэгъэ хъуащ.

IэщIагъэлIхэм къалъытэ Вьетнамым и щIыналъэр зэрыщыту къигъэкъэбзэжыным илъэси 100 зыбжанэ текIуэдэну. Ахэр къауэурэ уIэгъэ хъуахэм иридэIэпыкъуу, 1989 гъэм щыщIэдзауэ США-м и программэ щхьэхуэ егъэзащIэ.

Зэгуригъэlуэжыну?

Осетие Ипщэм и президент Кокойты Эдуард къилъытащ я республикэм къыщыхъуа зэпэщIэувэныгъэр «революцэ гъуэжьым» и зы теплъэу икIи къыхигъэщхьэхукIащ ар я къэралым щыпхыкIыну Iуэхуу зэрыщымытыр.

- Псори законым и гъунапкъэхэм къитIасэу длэжьынущ, ультиматум лъэпкъ Iуэхум хэдгъэзэгъэнукъым, - жиIащ президентым. Абы гу лъаригъэтащ Осетие Ипщэм и къэкIуэнур, абырэ Урысей Федерацэмрэ зэхуаIэну зэхущытыкIэхэр нобэ убзыхуа зэрыхъум.

- Урысейм тегуплIэ дэтхэнэми и Iуэху къызэпызудынущ. Дэ иджыпсту идогъэкIуэкI зэпсэлъэныгъэ гугъухэр икIи нэхъыщхьэр лъэныкъуитIми абы къыщытщтэ унафэр къыддаIыгъынращ, - жеIэ Кокойты Эдуард, президент хэхыныгъэхэм щызэгурымыIуа лъэныкъуитIым я зэхущытыкIэхэм теухуауэ.

НОБЭ

- Муслъымэнхэм я Iэшрыl гуфIэгъуэщ - бегъымбархэр, Алыхьым и лIыкIуэхэр ягу къыщагъэкIыж махуэщ.
- Финляндие Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - 1917 гъэм къэрал щхьэхуит хъуащ.
- Украинэм и дзэм и махуэщ.
- Илъэс 20 и пэкIэ Москва Iэ щыщIадзащ Венгриемрэ Урысеймрэ я зэдэлэжьэныгъэм, зэхущытыкIэфIхэм теухуа зэгурыIуэныгъэм.
- Илъэс 270-рэ и пэкIэ пащтыхь гуащэ Елизаветэ и пащтыхьыгъуэм щIидзащ.
- Дыгъэгъазэм и 6 - 7-хэм Вильнюс (Литва) щекIуэкIынущ Европэм и шынагъуэншагъэмрэ зэдэлэжьэныгъэмкIэ зэгухьэныгъэм (ОБСЕ) хэт къэралхэм къэрал щIыб IуэхухэмкIэ я министрхэм я 18-нэ зэIущIэр.

Дунейм и щытыкIэнур

«meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, нобэ Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэу махуэм градуси 9, жэщым 0 градус щыIэнущ.

ПlIанэпэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩIО Зарифщ.**

Зэдэлэжьэныгъэм пащэ

АБХЪАЗ. ***Республикэм къэрал щIыб IуэхухэмкIэ и министр Чирикбэ Вячеслав UNICEF-м и лIыкIуэ Монаш Руландрэ Абхъазым абы щиIэ офисым щылажьэхэмрэ яIущIащ.***

UNICEF-м и лIыкIуэхэм я организацэм Абхъазым щыпхигъэкI программэхэм, республикэм и МИД-м хуиIэ зэпыщIэныгъэм щызыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм министрыр щыгъуазэ ящIащ. Ахэр нэхъыбэу зыхуэгъэзар сабийхэм я узыншагъэр хъумэнырщ икIи абы щхьэкIэ медицинэ IуэхущIапIэхэр хущхъуэхэкIхэмкIэ къызэгъэпэщынырщ.

Чирикбэ Вячеслав сабийхэм я узыншагъэр хъумэнымрэ егъэджэныгъэ Iуэхумрэ хуащIа хэлъхьэныгъэм папщIэ абыхэм фIыщIэ яхуищIащ икIи адэкIэ ядэлэжьэну зэрыхьэзырри яжриIащ.

Лъэпкъ щэнхабзэ центр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Абазэ куейм хыхьэ Псыжь жылагъуэм иужьрей илъэситхум щауха Лъэпкъ щэнхабзэ центрым и япэ корпусыр гуфIэгъуэ щытыкIэм иту къызэIуахащ. Ар цIыху куэд зэхуэзышэс Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр щрагъэкIуэкIыну IуэхущIапIэщ.***

ГУФIЭГЪУЭМ кърихьэлIахэм псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъэзащ республикэм и премьер-министр Уэзы Мурат. «ЗэрыфIлъагъущи, КъШР-м и УнафэщIым пщэрылъ ящищIар ухуакIуэхэм хьарзынэу зэфIагъэкIащ. Си фIэщ мэхъу центрым и адрей Iыхьэр 2012 гъэм фокIадэм и 1-м ирихьэлIэу хьэзыр зэрыхъунур», - жиIащ абы.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Махуэм махуэ къелъхури, насыпым насып къелъху.

Республикэм щыпсэухэм гу зылъатапхъэ

Iулъхьэ зэрызэIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхухэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и деж щыIэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкIэ.

● Хэхыныгъэхэр-2011

ФIыкIэ ягу къинэжын хуэдэу

113-нэ хэхакIуэ участкэр курыт еджапIэ №23-м къыщызэрагъэпэщат. ЖыпIэ хъунущ хэхыныгъэхэр езыгъэкIуэкIахэм абы дэгъуэу зыхуагъэхьэзы-рауэ.

ХэхакIуэ комиссэр зыщIэс спортзалым щIыхьэхэм пщащэ нэщхъыфIэ цIыкIухэр япежьэрт.

«Кабардинка» къэфакIуэ гупым щыщхэм, артистхэу Теппеев Алимрэ Iэрэмысэ Азрэтрэ школ пырхъуэм щагъэзащIэ уэрэдхэмрэ къафэхэмкIэ хэхакIуэ ныбжьыщIэхэр къыдахьэхырт, нэхъыжьхэри ягъэгуфIэрт.

- Хэкум и къэкIуэнур хэхакIуэхэм зэрыдэлъытар зи фIэщ хъухэм сащыщщ сэ, - жеIэ хэхыныгъэхэм япэу хэт щIалэгъуалэм я цIэкIэ къэпсэлъа, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием щеджэ Малашевская Татьянэ. - Ар дыдэр яжесIащ си адэ-анэр хэхыныгъэхэм къыщысшэм. Абыхэм япэ щыкIэ зралъэфыхьащ, «дэ дыхэмытми, псори зэфIэкIынущ» жыхуаIэ щыкIэу. Ауэ, гъэщIэгъуэнращи, Iэ яIэта нэужь я гупсысэкIэм зихъуэжат, нэхъ нэжэгужи къэхъуэжат.

Урнэм щыбгъэдыхьэм, Татьянэ хэхакIуэ комиссэр удз гъэгъа IэрамэкIэ къыхуэупсащ. Апхуэдэу удз гъэгъахэр, ручкэрэ тхылъ-рэ иратащ иджы япэу Iэ зыIэт адрей хэхакIуэ ныбжьыщIэхэми. А махуэр абыхэм ягу къызэринэжынум шэч хэлъкъым.

Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Дол Анжелэ хэхакIуэ участкэ зыбжанэр къиплъыхьауэ 113-м щынэсым, 23-нэ еджапIэм Iэ Iэтыныр къызэрыщызэрагъэпэщар нэхъыфI дыдэхэм зэращыщыр къыхигъэщащ.

ДЫДУ ТIэхьир.

Къуэгъулъкъуеи Арщыдани

Лэскэн районым хыхьэ Къуэгъулъкъуей (Урыху) къуажэм хабзэм тету хэхыныгъэхэр щекIуэкIащ. Iуэхум и пэ къихуэу Iэ зыIэтыну хуиту яубзыхуа цIыху бжыгъэм щыщу къэна щIагъуэ щымыIэу къекIуэлIащ хэхыныгъэхэм. Абыхэм яхэтт щIалэгъуалэри, лэжьапIэ IэнатIэ Iутхэри, пенсэм кIуа нэхъыжьхэри.

Курыт еджапIэ №1-м щыIа 78-нэ хэхыпIэм дыгъэгъазэм и 4-м къекIуэлIа къуажэдэсхэм дзыхь зрагъэз политикэ партхэр мыпхуэдэ щIыкIэкIэ ягъэнэIуащ: «Урысей зэкъуэтым» Iэ хуаIэтащ цIыху 2111-м, КПРФ-м - 280-м, «Захуагъэ зыхэлъ Iуэху» партым щхьэкIэ цIыху 79-м.

* * *

Зэраубзыхуам тету, Лэскэн районым хыхьэ Арщыдан къуажэми хэхыныгъэхэр щекIуэкIащ. ЩэнхабзэмкIэ унэмрэ курыт еджапIэ №3-мрэ къыщызэрагъэпэща участкэхэм адрей гъэхэм ебгъапщэмэ, нэхъыжьхэм ящIыгъуу щIалэгъуалэри куэду екIуэлIащ, сыту жыпIэмэ абы фIыуэ къагуроIуэ я пщэдейр зыхуэдэнур депутатхэм зэрелъытар. Арщыдандэсхэм ящыщу процент 97-м Iэ яIэтащ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Хэхыныгъэхэм зыщыхуагъэхьэзырым, ахэр щрагъэкIуэкIым мыхъумыщIагъэхэр къэхъуакъым

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ цIыхухэм хэхыныгъэхэм я лъэныкъуэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр республикэм и щIыналъэм щыхъумэным, зыхуэфащэ ведомствэхэр тэмэму зэдэлэжьэныр къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ. Республикэм и прокуратурэм и органхэм къапэщыта къалэн нэхъыщхьэ дыдэр тэмэму зэфIагъэкIащ. Ахэр ткIийуэ кIэлъыплъащ экстремист щIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъуным, жылагъуэ-политикэ щытыкIэр зэIыгъэхьэным хуэунэтIа къыхуеджэныгъэхэр къызэмыпыдыным. Апхуэдэ къэхъукъащIэхэр ди щIыналъэм щыIауэ нобэм къэскIэ къыщIагъэщакъым.

Нэхъ япэкIэ зыхуэфащэ ведомствэхэм ящIыгъуу прокуратурэм и лэжьакIуэхэм къапщытащ хэхыпIэ участкэхэр террорист щIэпхъаджагъэхэр, мафIэсхэр къэмыгъэхъуным зэрыхуэхьэзырыр.

Нобэм ирихьэлIэу прокуратурэм къыIэрыхьакъым хэхыныгъэхэм ятеухуа законодательствэр къызэрызэпаудамкIэ цIыхухэм къабгъэдэкI тхьэусыхафэхэр.

Хэхыныгъэм и пэ къихуэ агитацэ дыгъэгъазэм и 3-мрэ 4-мрэ ирагъэкIуэкIауэ къыщIагъэщакъым, апхуэдэ мыхъумыщIагъэхэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэми къагъэхъуакъым.

КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм зэкIэ къита бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, дыгъэгъазэм и 4-м республикэм цIыху 445.983-м Iэ щаIэтащ. Ар хэхакIуэ псоми я процент 91-рэ мэхъу.

КъБР-м и прокуратурэ.

Шэрэдж муниципальнэ районым щыщ Аушыджэр, Жэмтхьэлэ Ипщэ, Жэмтхьэлэ къуажэ жылагъуэ муниципальнэ щIыналъэхэм я хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Шэрэдж щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м Налшык къалэ №17/2-5

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 24 статьям и пункт 4-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1 статьям и Iыхьэ 4-м, Шэрэдж муниципальнэ районым щыщ Аушыджэр, Жэмтхьэлэ Ипщэ, Жэмтхьэлэ къуажэ жылагъуэхэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ я советхэм зэрызыкъыхуагъэзам япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Шэрэдж муниципальнэ районым щыщ Аушыджэр, Жэмтхьэлэ Ипщэ, Жэмтхьэлэ къуажэ жылагъуэ муниципальнэ щIыналъэхэм я хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Шэрэдж щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етын.
2. Мы Унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Интернет сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Шэджэм муниципальнэ районым, Шэджэм районым щыщ Шэджэм къалэ жылагъуэм, Шэджэм Ипщэ, Звезднэ, Лашынкъей, Нартан, Шэджэм Ищхъэрэ, Хъущтэ-Сырт, Шэджэм ЕтIуанэ, Щхьэлыкъуэ, Яныкъуей къуажэ жылагъуэхэм я хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Шэджэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м Налшык къалэ №17/3-5

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 24 статьям и пункт 2-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1 статьям и Iыхьэ 4-м, Шэджэм муниципальнэ районым щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ и советым, Шэджэм муниципальнэ районым щыщ Шэджэм къалэ жылагъуэм, Шэджэм Ипщэ, Звезднэ, Лашынкъей, Нартан, Шэджэм Ищхъэрэ, Хъущтэ-Сырт, Шэджэм ЕтIуанэ, Щхьэлыкъуэ, Яныкъуей къуажэ жылагъуэхэм щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ я советхэм зэрызыкъыхуагъэзам япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Шэджэм муниципальнэ районым, Шэджэм муниципальнэ районым щыщ Шэджэм къалэ жылагъуэм, Шэджэм Ипщэ, Звезднэ, Лашынкъей, Нартан, Шэджэм Ищхъэрэ, Хъущтэ-Сырт, Шэджэм ЕтIуанэ, Яныкъуей къуажэ жылагъуэхэм я хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Шэджэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етын.
2. Мы Унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Интернет сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Налшык къалэ округым и хэхакIуэ комиссэм и полномочиехэр Налшык къалэ хэхакIуэ комиссэм етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м Налшык къалэ №17/4-5

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 24 статьям и пункт 2-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1 статьям и Iыхьэ 4-м, Налшык къалэ округым щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и советым зэрызыкъыхуигъэзам япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Налшык къалэ округым и хэхакIуэ комиссэм и полномочиехэр Налшык къалэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етын.
2. Мы Унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Интернет сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Бахъсэн къалэ округым и хэхакIуэ комиссэм и полномочиехэр Бахъсэн къалэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м Налшык къалэ №17/5-5

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 24 статьям и пункт 2-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1 статьям и Iыхьэ 4-м, Бахъсэн къалэ округым щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и советым зэрызыкъыхуигъэзам япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Бахъсэн къалэ округым и хэхакIуэ комиссэм и полномочиехэр Бахъсэн къалэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етын.
2. Мы Унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Интернет сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

«Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм къыбгъэдэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм унафэ къыщащтэкIэ ечэнджэщу хагъэхьэм и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м Налшык къалэ №17/6-5

«Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм къыбгъэдэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм унафэ къыщащтэкIэ ечэнджэщу хэт Темыржан В.Хь. и полномочиехэр нэхъ пасэу щхьэщыхыным, «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ щIыналъэ къудамэм къыбгъэдэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм унафэ къыщащтэкIэ ечэнджэщу хэгъэхьэным теухуауэ «Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхыным и IуэхукIэ» 2005 гъэм накъыгъэм и 18-м къащта Федеральнэ закон №51-ФЗ-м и 22 статьям ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм къагъэхьа документхэм хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Къэлъытэн «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и бюром 2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 30-м къищта унафэ №13-р:

а) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм унафэ къыщащтэкIэ ечэнджэщу хэт Темыржан Владимир Хьэсэнбий и къуэм и полномочиехэр нэхъ пасэу щхьэщыхыным теухуауэ;

б) Къаблэхь Замир Гусмэ и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм унафэ къыщащтэкIэ ечэнджэщу хэгъэхьэным теухуауэ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм унафэ къыщащтэкIэ ечэнджэщу зэрыхэтымкIэ зыхуэфащэ теплъэ зиIэ удостоверенэр Къаблэхь Замир Гусмэ и къуэм етын.

3. Мы Унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Интернет сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Лэскэн муниципальнэ районым щыщ Анзорей, Арщыдан, Лэскэн Ипщэ, Лэскэн ЕтIуанэ, Ерокъуэ, Уэзрэдж, Ташлы-Тала, Урыху, Хьэтуей къуажэ жылагъуэ муниципальнэ щIыналъэхэм я хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Лэскэн щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м Налшык къалэ №17/7-5

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 24 статьям и пункт 2-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1 статьям и Iыхьэ 4-м, Лэскэн муниципальнэ районым щыщ Анзорей, Арщыдан, Лэскэн Ипщэ, Лэскэн ЕтIуанэ, Ерокъуэ, Уэзрэдж, Ташлы-Тала, Урыху, Хьэтуей къуажэ жылагъуэхэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ я советхэм зэрызыкъыхуагъэзам япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Лэскэн муниципальнэ районым щыщ Анзорей, Арщыдан, Лэскэн Ипщэ, Лэскэн ЕтIуанэ, Ерокъуэ, Уэзрэдж, Ташлы-Тала, Урыху, Хьэтуей къуажэ жылагъуэ муниципальнэ щIыналъэхэм я хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Лэскэн щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етын.
2. Мы Унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Интернет сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Нарткъалэ къалэ жылагъуэ муниципальнэ щIыналъэм, Аруан муниципальнэ районым щыщ Джэрмэншык, Къэхъун, Мэрзэхъу, Шэрэдж Ищхъэрэ, Псыгуэнсу, Псыкуэд, Псынабэ, Старэ Шэрэдж, Аруан, Чернэ Речкэ, Шытхьэлэ къуажэ жылагъуэ муниципальнэ щIыналъэхэм я хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Аруан щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м Налшык къалэ №17/8-5

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 24 статьям и пункт 2-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 1 статьям и Iыхьэ 4-м, Нарткъалэ къалэ жылагъуэм, Аруан районым щыщ Джэрмэншык, Къэхъун, Мэрзэхъу, Шэрэдж Ищхъэрэ, Псыгуэнсу, Псыкуэд, Псынабэ, Старэ Шэрэдж, Аруан, Чернэ Речкэ, Шытхьэлэ къуажэ жылагъуэхэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ я советхэм зэрызыкъыхуагъэзам япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Нарткъалэ къалэ жылагъуэ, Джэрмэншык, Къэхъун, Мэрзэхъу, Шэрэдж Ищхъэрэ, Псыгуэнсу, Псынабэ, Старэ Шэрэдж, Аруан, Чернэ Речкэ, Шытхьэлэ къуажэ жылагъуэ муниципальнэ щIыналъэхэм я хэхакIуэ комиссэхэм я полномочиехэр Аруан щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм етын.
2. Мы Унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Интернет сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

«Яблоко» Урысей демократие парт зэгуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм къыбгъэдэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм унафэ къыщащтэкIэ ечэнджэщу хагъэхьэм и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м Налшык къалэ №17/9-5

«Яблоко» Урысей демократие парт зэгуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм къыбгъэдэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм унафэ къыщащтэкIэ ечэнджэщу хэгъэхьэным теухуауэ «Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхыным и IуэхукIэ» 2005 гъэм накъыгъэм и 18-м къащта Федеральнэ закон №51-ФЗ-м и 22 статьям ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм къагъэхьа документхэм хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Къэлъытэн «Яблоко» Урысей демократие парт зэгуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм 2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 30-м Бабаев Магомед Белякай и къуэр унафэ къыщащтэкIэ ечэнджэщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм хэгъэхьэным теухуауэ къищта унафэр.
2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм унафэ къыщащтэкIэ ечэнджэщу зэрыхэтымкIэ зыхуэфащэ теплъэ зиIэ удостоверенэр Бабаев Магомед Белякай и къуэм етын.
3. Мы Унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Интернет сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м №586-рп

1. Мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу зэман кIыхьым тещIыхьа къэрал контрактхэр зыхуэфащэхэм ещIылIэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФинансхэмкIэ и министерствэмрэ я арэзыныгъэ хэлъу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм УхуэныгъэмкIэ, архитектурэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм къыхилъхьа Iуэхур дэIыгъын.
2. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Абрэдж I. Хь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ГЕРТЕР Иван

● Налшык къалэ

Улахуэр сом мин 17-м нос

ЗэкIэ къызэрабжамкIэ, Налшык къалэ округым 2011 гъэм къриубыдэу ику иту щат улахуэр сом 15.413-м нэсынущ. 2010 гъэм елъытауэ ар проценти 122-рэ зэрыхъур къапщтэмэ, дызыхыхьэ илъэсым цIыхухэм ику иту къалэжьынущ сом 17.416-рэ.

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен щэкIуэгъуэм и 30-м щыхуэзам Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Хьэгъэс Залымджэрий зэрыжриIамкIэ, иджыпсту къалэм пенсэхэмрэ адрей социальнэ ахъшэмрэ зэблэмыууэ щат, цIыхухэм я лэжьапщIэхэри и зэманым хуатх.

Муниципальнэ псэупIэхэр зыхуей хуагъэзэнущ

Муниципальнэ псэупIэхэр капитальнэу зэгъэпэщыжынымрэ зехьэнымкIэ Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и программэ хэхар гъэзэщIэным гъэ къэс ахъшэшхуэ трагъэкIуадэ. 2009 - 2011 гъэхэм муниципальнэ псэупIэхэр зэгъэпэщыжыным сом мелуан 26-рэ хухахащ. А ахъшэмкIэ къалэм дэт общежитхэм ящыщу 11-м я унащхьэхэр, унэ щIыбхэр зэрагъэпэщыжащ, пластик щхьэгъубжэхэр халъхьащ, энергиер къызэрапщ IэмэпсымэхэрягъэуващI.

Общежиту 45-рэ зыхыхьэ муниципальнэ псэупIэ фондыр капитальнэу зэгъэпэщыжыным, зехьэным 2012 гъэм сом мелуан 50 хухахын хуейуэ щIыпIэ бюджетым и проектым къыщыгъэлъэгъуащ.

Лы комбинатыщIэ

Дызэрыт мазэм «Дыщэ щхьэмыж» агроконцерным Налшык къалэм къыщызэIуихынущ былымылымрэ джэдылымрэ щелэжьыну комбинат лъэщ. Абы махуэ къэс былыму 350-рэ, джэдкъазу мин 40 щаукIыфынущ. Мы комбинатыр щIыным сом мелуан 570-рэ текIуэдащ. IуэхущIапIэщIэм цIыхуи 180-рэ щылэжьэнущ.

Къалэ округым иджыпсту мэкъумэш продукцэм щолэжь ерыскъыпхъэхэр къыщыщагъэкI предприятэу, щхьэзакъуэ хьэрычэт лэжьакIуэу 140-м. 2011 гъэм и мазибгъум къриубыдэу абыхэм лыуэ тонн мини 2,6-рэ, нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ хуэдитIым нэблагъэкIэ нэхъыбэ къатащ.

ДЕМИДОВЭ Аннэ.

Сабий IуэхущIапIэхэр зэгъэпэщыжыным ахъшэшхуэ хухах

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен пщэрылъ къазэрыщищIам тету, къалэ администрацэм щызэхалъхьа «2012 - 2015 гъэхэм Налшык къалэ округым и курыт еджапIэхэмрэ зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэр зэкIуалIэ IуэхущIапIэхэмрэ къэгъэщIэрэщIэжыныр» муниципальнэ программэ хэхам къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, сабий IуэхущIапIэхэм я унащхьэхэр, унэ щIыбхэр, ахэр къызэрагъэплъ системэхэр капитальнэу зэгъэпэщыжыным 2012 гъэм сом мелуан 95-рэ хухах.

Дызэрыт илъэсым муниципальнэ IуэхущIапIэхэр зэгъэпэщыжыным щIыпIэ бюджетым и ахъшэу сом мелуан 45-м щIигъу трагъэкIуэдащ. IуэхущIапIэу 3-м котельнэ щхьэхуэхэр щагъэуващ икIи, абы и фIыщIэкIэ, унэхэр нэхъ тэмэму ягъэплъу щIадзащ, бюджет ахъшэм щыщи къыдагъэхуащ.

2010 - 2011 гъэхэм ЕгъэджэныгъэмкIэ федеральнэ къэрал мардэщIэхэм хуэкIуэным зыхуагъэхьэзыру щIадзащ икIи абы хиубыдэу пэщIэдзэ класс псори иджырей унэлъащIэхэмкIэ къызэгъэпэщыным сом мелуан 13,5-рэ хухахащ. А унэлъащIэхэр нэгъэсауэ къозэгъ «Ди школыщIэр» программэм къигъэувхэм.

УЭДЫЖЬ Ислъам.

Iуэрыiуатэ - дыщэ пхъуантэ

КIахэ адыгэхэм я таурыхъхэр

Iуэрыiуатэ къулей къадогъуэгурыкIуэ кIахэ адыгэхэм - абазэхэхэм, бжьэдыгъухэм, кIэмыргуейхэм, шапсыгъхэм, хьэтыкъуейхэм, жанейхэм: нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ, пасэрей уэрэдыжьхэмрэ хъыбархэмрэ, псысэхэр, шыпсэхэр. Абыхэм щыгъуазэ захуищIа нэужь, Горький Максим итхыгъащ: «Адыгэ Iуэрыiуатэм фIыр ем сыт щыгъуи щытокIуэ, ар щыхьэт тохъуэ ахэр зи Iэдакъэщ IэкI лъэпкъыр зэры-узыншэм, зэрыIущым».

Щыгъуазэ фыдощI кIахэ адыгэхэм я Iуэрыiуатэм щыщ таурыхъ, псысэ зыбжанэм.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид,
«Адыгэ псалъэ» газетым и литературэ обозреватель, тхакIуэ.

Iэмалищэрэ зырэ

КЪРУР бажэм и гъуащхьэм деж къыщетIысэхащ. Бажэр гъуэм къижащ.
- Къеблагъэ, кърy цIыкIу, хьэщIэ утщIынщ.
- Уи благъэ куэд ухъу, - жиIащ кърум.
- Нэгъабэ бжьыхьэ лъандэрэ услъэгъуакъым. Дэнэ ущыкIуэдар?
- Гъуэгу сытетащ, - жиIащ кърум. - Хым адрыщIкIэ сыщыIащ.
- Хым адрыщIкIэ узыхьын акъыл уиIэ уэ? - игъэщIэгъуащ бажэм.
- СиIэщ, - жиIащ кърум, - хым адрыщIкIэ сызыхьыни сыкъэзыхьыжыни.
- Синоплъри угуащIэ мащIэ гуэрщ, угъуапэкъым, упщампIэкъым. Уи щхьэр си кIэным хуэдизщ зэрыхъур. Дэнэ къипха апхуэдэ акъыл? ПцIы къысхуэбупс хъунщ, - и фIэщ хъуакъым бажэм.
- Хьэуэ, пхуэзупсыркъым, - жиIащ кърум. - Бжьыхьэ къэс хым сызэпрокI, гъатхэм сыкъызэпрокIыж.
- Тобэ! Тобэ! А уи щхьэжь цIыкIум апхуэдиз акъыл илъ?
- Сызрикъун илъщ, - жиIащ.
- Абы щыгъуэм, - жиIащ бажэм, - мы дунейр хъурейуэ къызэрыскIухьын акъыл сиIэ хъунщ сэ. Iэмалищэрэ зырэ зыщIэ бажэм и цIэ зэхэпхакъэ?
- Зэхэсхащ, - жиIащ кърум.
- Ар сэращ жыхуаIэр: Iэмалищэрэ зырэ сощIэ сэ!
- И хъер улъагъу, - жиIащ кърум, зиплъыхьурэ.
- Щхьэ зыпплъыхьрэ? - гузэващ бажэр.
- ЩакIуэр къокIуэ.
- Емынэм къихурэ! - жиIащ бажэм. - КъакIуэ, си гъуэм къипщхьэ: щакIуэр зыщхьэщыдгъэкIынщ.
Кърур бажэм и гъуэм ипщхьащ. ЩакIуэр къэсащ. Кърум и кIэр гъуэм къищырти, щакIуэм иубыдащ.
- Бажэм и гъуэм щхьэ уипщхьэрэ, кърy цIыкIу? Дзыхь хуэпщI хъурэ бажэм?
Кърур бажэгъуэм кърилъэфри, зригъэтIылъэкIащ щакIуэм. Кърум лIа нэпцI зищIащ. ЩакIуэр гъуэм иIэбэри, бажэри кърилъэфащ.
- КIэ бгъуэтащ, бажэ цIыкIу! - жиIащ щакIуэм. - Уи хьэтыркIэ кърури къысIэрыхьащ.
ЩакIуэм зригъэзэкIри, кърур игъуэтыжакъым: лIа нэпцI зищIати, кърур лъэтэжащ.
- Кърум и акъыл мащIэри нэхъыфIти си Iэмалищэрэ зым нэхърэ! - жери бажэр къэгъынэнащ щакIуэм къэпым щридзэм.

Уэгунэбзу

ЩАКIУЭМ уэгунэбзу къыIэрыхьащ.
- Нобэ лъандэм уи ужь ситщ, сыпхурикъункъэ иджы! - гуфIащ щакIуэр.
- Сыт къызэпщIэнур? - жиIащ уэгунэбзум.
- Узгъэжьэнурэ у сшхынущ.
- Зы уэгунэбзукIэ зыбгъэнщIын уэ? Абы нэхърэ нэхъыфI бжесIэнщ, сутIыпщыжи.
- Сыт къызжепIэнур?
- ИгъащIэкIэ къыпщхьэпэн чэнджэщ уэстынщ.
- Хъунщ, содэ.
- Iуэхугъуищ бжесIэнщи, уи гум иубыдэ, зыщумыгъэгъупщэ. Япэ чэнджэщраш: блэкIам ухущIемыгъуэж, - жиIащ уэгунэбзум.
- Чэнджэщ хъарзынэщ, - акъылэгъу хъуащ щакIуэр. - ЕтIуанэ чэнджэщри къызжеIэ.
- ЕтIуанэр щыбжесIэнур сыбутIыпщыжа нэужьщ.
ЩакIуэм уэгунэбзур иутIыпщыжащ.
- ЕтIуанэр мыращ: пцIыр уи фIэщ умыщI, - жиIащ уэгунэбзум.
- Ари захуагъэщ, - жиIащ щакIуэм. - Ещанэ чэнджэщыр-щэ?
- Ещанэм ухуэмыпIащIэ, - жиIащ уэгунэбзум. - Уэ детэм пщIэ уэ пIэрэ си хулъэм дыщэ кIанэ зэрилъыр? СыбутIыпщыжын хуеякъым. СумыутIыпщыжамэ, дыщэ кIанэр уи Iэрылъхьэт.
- Еу-уей! Дыщэ кIанэм сыхэкIыжащ! Щхьэ узутIыпщыжат, - щIегъуэжащ щакIуэр. - Ещанэри къызжеIэ.
- Ещанэ чэнджэщым ухуэныкъуэкъым. ПцIыр уи фIэщ умыщI бжесIати, укъызэдэIуакъым. Сэ езыр дыщэ кIанэ хуэдизщ сызэрыхъур: си хулъэм дыщэ кIанэ ихуэн? БлэкIам ухущIемыгъуэж бжесIатэкъэ: сызэрыбутIыпщыжам ухущIегъуэжащ, а чэнджэщми уедэIуакъым, - жери уэгунэбзур лъэтэжащ.

Пхъэдакъэжь

ВИТIЫР щIищIэри, зы лIыжь мэз кIуащ: «Пхъэгу къэсшэнщ», - жери. Пхъэхуей жыгышхуэ къигъэауэрэ пэт, мыщэ къыбгъэдыхьащ. Мыщэр къыщыбгъэдыхьэм, лIыжьым и псэр IукIри, и бзэр иубыдащ.
- Зыри щхьэ жумыIэрэ? - къеплъащ мыщэр. - Ушына?
- Сышынакъым, - жиIащ лIыжьым, и гур къихьэжри.
- Уи нэр къыстебубыдауэ щхьэ укъызэплърэ-тIэ? Мурад мыгъуэ къысхуэпщIа си гугъэщ.
- СынышIоплъыр пщIэркъэ? - жиIащ лIыжьым. - Зы мыщафэр джэдыгу схурикъунукъым. НэгъуэщI зы мыщи уи гъусатэмэ, мыщафитIыр джэдыгу схуэхъунут.
Мыщэр къэшынащ. «Мы лIыжьым зезгъэукI нэхърэ, ныбжьэгъу зыхуэсщIмэ нэхъыфIщ», - жиIащ игукIэ.
- Ныбжьэгъу дызэрыгъэщI, тхьэмадэ. Ныбжьэгъу дызэхуэхъумэ, щIымахуэм узрикъун пхъэгъэсын ныпхуэсхьынщ. Ауэ зыми жумыIэ ныбжьэгъу дызэрызэхуэхъуар - ар ди зэхуэдэ щэхущ.
- Хъунщ, - жиIащ лIыжьым.
- НтIэ, кIуэж, сэ ныжэбэ пхъэ ныпхуэсхьынщ.
ЛIыжьыр и унэ къэкIуэжащ, нэху игъэщри, пщIантIэм дэплъащ: пхъэр дэзт пщIантIэм.
- Мыщэм сыкъигъэпцIакъым: пхъэ къысхуихьащ си ныбжьэгъум, - гуфIащ лIыжьыр.
- Хэт уи ныбжьэгъур? - къеупщIащ фызыжьыр.
- Мыщэращ. СыкъигъэгугъэтIи, пхъэ къысхуихьащ.
Щхьэгъубжэ лъабжьэм къыщIэувауэ къакIэщIэдэIуэхьырти, мыщэм зэхихащ я щэхур лIыжьым зэриIуэтэжар. Къэгубжьри, мыщэм пхъэр пщIантIэм дихыжащ, жэщым къакIуэри.
НэгъуэщI къыхуэнэжатэкъыми, лIыжьыр мэзым кIуэн хуей хъуащ. КIуа щхьэкIэ, мыщэм щышынэрти, куууэ хыхьэфакъым, мэз гъунэм хэувауэ къуацэ-чыцэ къефыщI.
Бажэр кърихьэлIащ. ЛIыжьыр мэз гъунэм зэрыфIэмыкIар игъэщIэгъуащ бажэм. ЛIыжьым и Iуэху зытетыр жриIащ бажэм.
- Сэ зыгуэр пхуэсщIэнщ, - къигъэгугъащ ар бажэм. - Мэзым хыхьи, пхъэ пыупщI. Джыдэ макъыр зэхихмэ, мыщэр къыббгъэдыхьэнущ. Сэ пабжьэм сыкъыхэувэнщи, сыкъэгуоунщ.
Джыдэ макъ щызэхихым, мэзым къыхэкIри, мыщэр лIыжьым къыбгъэдыхьащ:
- Усшхмэ, пхуэфащэкъэ, лIыжь? - жери.
- Сыт щIысхуэфащэр?
- Ди щэхур пIуэтащи.
Бажэр мэзым къыхэкIиикIащ:
- Зымахуэрей мыщэр умылъэгъуауэ пIэрэ, тхьэмадэ?
- Слъэгъуакъым, - жиIащ лIыжьым, бажэм зэригъэIущати.
- Абы и лъэужьыр щакIуэм кърехуэкI, дэнэ ар щыщIэвэщIар? КIэ зэригъуэтар ищIэркъэ абы?
Мыщэм и псэр IукIри, етIысэхащ.
- Сыт-тIэ а уи пащхьэм исыр? - къэгуоуащ бажэр.
- «Ар мыщэкъым. Пхъэдакъэжьщ» жыIэ, аргуэру къехъуцэцащ мыщэр.
- Ар мыщэкъым. Пхъэдакъэжьщ, - мэгуо лIыжьыр.
- Пхъэдакъэжьмэ, гум щхьэ иумылъхьэрэ? Уи закъуэ пхуимылъхьэнумэ, сэ сыбдэIэпыкъунщ, - жеIэ бажэм.
- «Схуилъхьэнущ» жыIэ, - къехъуцэцащ мыщэр лIыжьым. - Сэ сипщхьэнщи, гум сигъуэлъхьэнщ.
Мыщэр гум игъуэлъхьащ.
- Пхъэдакъэжьыр гум ипхэ, гъуэгум къыщибгъэхунукIэ мэхъу, - чэнджэщ кърита щ бажэм.
Гум щIэп кIапсэкIэ ирикъузащ мыщэр лIыжьым.
- Джыдэр уи кIэпкъым къыдэхи, мыщэм кIэ ет иджы, - жиIащ бажэм.
Мыщэм кIэ иритри, лIыжьыр мэзым къыхэкIыжащ.

Бажэмрэ бзумрэ я хъыбар.

И акъыл хунэсакъым

МЭЗЫМ пхъэхуей лъагэ хэтти, зы тхьэрыкъуэ къэлъатэри, жыгыщхьэм абгъуэ щищIащ, абгъуэм щыкIэцIри, тхьэрыкъуэ шыр къыщришащ. Абгъуэр бажэм къыIэщIэлъэгъуащ.
- Мы мэзри мы пхъэхуейри си адэм къысхуигъэнауэ сысейщ, - жиIащ бажэм, тхьэрыкъуэр ишхын мурад ищIри. - Пхъэхуейр щхьэ сфIэбубыда? Уэри усшхынщи, уи шырхэри дэзгъэкIуэнщ. Зегъэхь адэ, пхъэхуейр къизупщIыкIыжынущ.
- Жыгыр ибупщIыкIыжмэ, дэнэ дыкIуэн? - гузэвэгъуэ хэхуащ тхьэрыкъуэр. - Си шырхэр дэнэ щыспIын?
- Шыр дапщэ уиIэ?
- Шырищ сиIэщ.
- Сыт хьэдэгъуэдахэ! Тхьэрыкъуэм шыритI нэхъыбэ иIэ зэрымыхъунур пщIэркъэ? Шырищым я зыр къысхуедзых, кIыгуугум хуэсхьынщи, пхуезгъэпIынщ. Къызумытмэ, жыгыр иджыпсту къизупщIыкIыжынущ.
Сыт ищIэнт тхьэрыкъуэм: бажэм зы шыр къыхуридзыхащ. Пабжьэм хихьэри, бажэм тхьэрыкъуэ шырыр ишхащ. Ишхри, тхьэрыкъуэм деж тригъэзащ бажэм.
- Уи шырыр кIыгуугум хуэсхьащи, пхуипIынущ. ШыритI пхуэгъэшхэнукъым уэ. ТIум я зыр къызэти, сэ пхуэспIынщ. Къызумытмэ, пхъэхуейр сысейщи, къэзгъэуэнущ, джыдэ къэсхьынурэ, - жиIащ бажэм.
ЕтIуанэри фIишхащ, пабжьэм хихьэри. Ещанэри фIишхын мурад ищIащ.
- Мы мэзри мы жыгри сысейщ. Ещанэри къызумытмэ, жыгыр къизупщIыкIыжынущ, - жиIащ.
- Ещанэр уэстынукъым, сыти къызыщIэ. Жыгыр къэбгъауэмэ, уэращ щIегъуэжынур, - жиIащ тхьэрыкъуэм.
- Джыдэ къэсхьмэ, уэсщIэм еплъэ: щIегъуэжыр хэтми тлъагъунщ.
Бажэр IукIуэтауэ, кърур кърихьэлIащ. Тхьэрыкъуэр зэрынэщхъейр щилъагъум, кърур къеупщIащ:
- Щхьэ унэщхъей? - жери. - Уи жагъуэ къэзыщIаIа?
- Бажэм шыритI сфIишхащ, ещанэри сэри дишхын мурад иIэщ, - жиIащ тхьэрыкъуэм.
- Умышынэ: бажэр къыплъэIэсынукъым уэ. Къигъэзэжмэ, жепIэнураш: «Дэ жыгыщхьэм дисщ, жыгыщхьэм къихьи, тIури дышх». Бажэр жыгыщхьэм нихьэфынукъым. - Апхуэдэ чэнджэщ кърити, кърум IуигъэзыкIыжащ.
Тхьэрыкъуэр къэгушхуэжащ. Бажэр къыщысыжым, жриIащ:
- Жыгыщхьэм укъихьэфмэ, сэри си шырри дышх, дрыуихьэлэлщ.
Бажэм къыгурыIуащ тхьэрыкъуэр зыгуэрым зэригъэIущар.
- Хэт узыгъэIущар?
- Кърум, - къыжриIащ тхьэрыкъуэм.
- Дэнэ кIуэжа а гъуамэр?
- Псы Iуфэм Iутщ.
Бажэр псы Iуфэм Iухьэри, кърум бгъэдэкIуэтащ.
- Жьыр ипщэкIэ къыщепщэмэ, уи щхьэр дэнэкIэ пшиину? - еупщIащ бажэр кърум.
- ИщхъэрэкIэ сшиинщ, - жиIащ кърум.
- ИщхъэрэкIэ къыщепщэмэщэ?
- ИпщэкIэ сшиинщ.
- Жьыр ипщэкIи ищхъэрэкIи къыщепщэмэ, уи щхьэр дэнэ здэпхьынур?
- Си дамэ щIагъым щIэслъхьэнущ.
- Уи щхьэр уи дамэ щIагъым щIэхуэн си гугъэкъым. ЩIэлъхьи, сыгъэлъагъут щIэхуэрэ щIэмыхуэрэ. Си фIэщ хъуркъым.
Бажэм дзыхь иригъэзри, кърум и щхьэр дамэ щIагъым щIилъхьащ.
- Чэнджэщ ептри, тхьэрыкъуэмрэ и шырымрэ сIэщIэбгъэкIащ. Уи щхьэр къызэребгъэлын акъылщ уимыIэр, - жери бажэм кърур ифыщIащ.

Хэт сыт и ныбжь

ХЪУАКIУЭ къыздикIыжым, шыр дыгъужьым Iууащ. Шым къыпэтIысауэ, дыгъужьым и дзэр зэрегъэшх.
- УкъыспэщIэхуа иджы, шыжь?
- СыппэщIэхуамэ, сыт къызэпщIэнур?
- Усшхынущ - аращ уэсщIэнур, - жиIащ дыгъужьым.
- Сыуэдыкъуащ, сыт скIэрыпшхыкIын сэ? Уанэр страмыхыурэ фэмрэ къупщхьэмрэ сыхуэкIуащ. Абы нэхърэ нэхъыфIщ гъусэ дызэхуэгъэхъуи. КъытпэщIэхуэIамэ, зэпэдгуэшынщ. «Мы брулыжьым щхьэ фIэтщ, - жиIащ дыгъужьым игукIэ. - Гъусэ сщIынщи, пшэр хъуху згъэхъуэкIуэнщ, итIанэ сшхынщ».
- Хъунщ, къызощтэ уи псалъэр, - жиIащ дыгъужьым.
Дыгъужьымрэ шымрэ гъусэ зэхуэхъури ежьащ. Гъуэгу здытетым, зы бажэ къарихьэлIащ.
- Усшхынкъэ, бажэ цIыкIу, - ещхьэфэуащ дыгъужьыр бажэм.
- Сумышх, - жиIащ бажэм. - Сыпшх нэхърэ нэхъыфIщ сэри гъусэ сыщIи: сыкъыфщхьэпэжынкIэ мэхъу.
Шымрэ дыгъужьымрэ бажэр гъусэ ящI. КIуэм-лъэурэ бгъуэнщIагъ ирихьэлIащ. Ешати, бгъуэнщIагъым щIыхьащ щыри, жэщыр абы щрахащ. Уэс Iув къесауэ нэху къекIащ. БгъуэнщIагъым къыщIэнэри щIэмэжэлIыхьащ дыгъужьымрэ бажэмрэ, шыр щIокI, уэсыр фIалъэкIэ икъутэурэ мылыф къефыщI.
- Уэсым дыщIиубыдащ, мы бгъуэнщIагъым дыщIэлIыхьынущ, - жиIащ бажэм.
- НтIэ, лIо тщIэнур? - щIоупщIэ дыгъужьыр.
- Шыр дыгъэшх.
- Гъусэ дызэрыщIащ - дауэ тшхын? И гуэныхьым дигъэкIуэнкъым, - жиIащ дыгъужьым.
- Гуэныхьыр сэ къзощтэ. Дыгъэшх шыр.
- Тшхын щхьэкIэ, щхьэусыгъуэ гуэр диIэн хуейщ. Уэ унэхъ акъылыфIэщ, щхьэусыгъуэр уэ къэгупсыс.
- Къэзгупсысагъэххэщ: шыр къыщIыхьэжмэ, и ныбжьым щIэупщIэ.
Шыр псафэ къикIыжри, бгъуэнщIагъым къыщIыхьэжащ. «Хэт сыт и ныбжь? - жари къыхадзащ. - Хэт нэхъыжь?»
Бажэм игъэIущати, дыгъужьым жиIащ:
- Нобэ илъэсищэ сохъу.
Бажэр къэгъынэнащ.
- Сыт ущIэгъыр? - щIоупщIэ шыр.
- Нобэ илъэсищэ мэхъу си шырыр псым зэритхьэлэрэ. Ар сигу къихьэжащи, араш сыщIэгъыр, - зэщеуд бажэр.
- Умыгъ. Сэ сыкъыщалъхуам щыгъуэ шыр ущиIакIэ, сэр нэхърэ унэхъыжьщ, - жиIащ дыгъужьым. - Уэ сыт уи ныбжь, брулыжь?
Дыгъужьымрэ бажэмрэ мурад мыгъуэр къызэрыхуащIар къыгурыIуащ шым.
- Сэ сыкъыщалъхуа гъэмрэ махуэмрэ си кIэбдз лъакъуэм схутратхауэ щытащ. ФыкъыщIэплъэт си лъэгум, - жери шым и кIэбдз лъакъуэр иIэтащ. Дыгъужьымрэ бажэмрэ щыщIэплъэм, къызэпхыукIри, шым тIуми я нэвагъуэр яригъэлъагъужащ.

Дыщэ сом

ЛIЫЖЬ гуэрым къуэ щхьэхынэ иIэт. И щхьэр тригъэу фIэкIа, щIалэр зыхэзагъэ щыIэтэкъым, апхуэдизкIэ армут, Iэшмэкъугути. «ЛэжьэкIэ езыгъэщIэн гуэрым естынщ щIалэр», - жери лIыжьым и къуэр иришэжьащ, зы жылэ дыхьэри, щIэупщIащ:
- Си щIалэр хэт игъэлIыщIэн? - жери.
- ЛIыщIапщIэр дапщэ? - къеупщIащ зылI.
- ИлъэскIэ схуэзыгъэлIыщIэм дыщэ сом нэхъыбэ къеIысхынукъым, - жиIащ лIым.
«ИлъэскIэ згъэлIыщIэмэ, дыщэ сом фIэкIа щысIимыхынукIэ, ахъшэ хуэныкъуэкъым мы лIыжьыр, - жиIащ лIым игукIэ. - Къулей гуэр хъунщ мыр, и хьэтыр слъагъунщ. И гуапэ сщIынщи, хэгъэрей схуэхъунщ».
И унэм илъэскIэ иригъэсати, щIалэм чымпэ кригъэIэтакъым лIым. ЩIалэ щхьэхынэри зыхуейр арати, и IитI зэтедзауэ гъэр игъэкIуащ. Дыщэ сом иритри, илъэс дэкIа нэужь, щIалэр иутIыпщыжащ.
- Сыт уи лIыщIапщIэ? - къеупщIащ щIалэм и адэр.
- Дыщэ сом, - жиIащ щIалэм.
Дыщэ сомыр Iихри, мафIэм пэридзащ лIыжьым. Ар щIалэм къыфIэIуэхуакъым, игу къеуакъым.
«И пщIэнтIэпскIэ къилэжьатэмэ, игу къеуэнт», - жиIащ лIыжьым, илъэс дигъэкIри, и хэгъэрей гуэрым деж ишащ:
- Мы щIалэр гъэлIыщIэ, уигу пыкI нэхъыбэ бжесIэнукъым, - жери.
ЛIыжьым и хэгъэрейм щIалэр зы махуэ щигъэсакъым: мэз егъакIуэ, мэкъу иригъауэ, мэш ирегъэх - и щхьэр щIригъэхьащ, пщIэнтIэпсыр къыпхихуащ.
Дыщэ сом иритри, щIалэр иутIыпщыжащ.
- Дыщэ сом къэслIыщIащ, - жиIащ щIалэм, и адэм и пщIантIэ дыхьэжри. - Мис си лIыщIапщIэр!
ЛIыщIапщIэр Iихри, мафIэм пэридзащ лIыжьым. Дыщэ сомым щIалэр кIэлъыпхъуащ:
- МафIэм щхьэ пэрыбдзэрэ - ар си пщIэнтIэпскIэ къэзлэжьащ, - жери.
ЛIыжьым игу зэгъащ и къуэр дыщэ сомым щыкIэлъыпхъуэм: «ПщIэнтIэпсым и уасэр къыгурыIуащ», - жери.

ШынэхъыщIэ

ЗЭШИЩ псэурт. НэхъыжьитIым зафIэгубзыгъэт, я нэхъыщIэм делафэ ираплъырти, зрапсыртэкъым. Я адэр щылIэм, абы къахуигъэна мылъкур нэхъыжьитIым зыIэщIаубыдащ, я нэхъыщIэр Iыхьэншэ ящIащ:
- Уэ уделэщ, уакъылыншэщ, пхуэфащэIакъым, - жари.
«Акъыл зэзгъэгъуэтыху, сыкъекIуэлIэнкъым», - жери нэхъыщIэр ежьащ, зыгъэлIыщIэн къигъуэтри, зы гъэкIэ лIыщIащ.
- ЛIыщIапщIэу сыт ухуей? - къеупщIащ зыгъэлIыщIар.
- Акъыл фIэкIа зыри сыхуейкъым, - жиIащ щIалэм.
- Си деж ущыIэху, къуалэбзуми, хьэкIэкхъуэкIэми, жыгхэми, удзхэми я бзэр къыбгурыIуэ хъуащ, ар акъыл пхуэхъунщ, - къыжриIащ зыгъэлIыщIам.
Я унэ ихьэжри, щIалэм и шынэхъыжьитIым яжриIащ къуалэбзуми, хьэкIэкхъуэкIэми, жыгхэми, удзхэми я бзэр къыгурыIуэ зэрыхъуар. ШынэхъыжьитIыр къыщыдыхьэшхащ щIалэм:
- Акъыл бгъуэтакъым, уи щхьэр нэхъри зэкIуэкIауэ къэбгъэзэжащ, - жари.
Псоми я бзэр къызыгурыIуэ щIалэм и хъыбар щыIум, къуажэпщыр къыхуепсыхащ.
- Си чысэр кIуэдащи, дунейм схутехыркъым,- жиIащ пщым. - Си чысэм и бзэри къыбгурыIуэмэ, щыбзэхар къысхуэщIэ.
Чысэм еджащ щIалэр:
- Пщым и чысэ, дэнэ ущыкIуэдар? - жери.
- Лабэ псым и ныджэм сытелъщ, пщым сызыкIэригъэхуауэ, - къыжриIащ чысэм.
Пщым и чысэр ныджэм къыщагъуэтыжащ.
Шырэ былымкIэ къыхуэупсащ пщыр щIалэм. И шынэхъыжьитIыр укIытэжри, я шынэхъыщIэм делафэ афIэкIа ираплъыжакъым.

Хьэм къегъэзэж

ЗЫЛIРЭ зы фызрэ псэурт. Зы хьэ яIэт абыхэм. Ауэ сытми хьэт ар: цIыхум я бзэр къыгурыIуэрт.
ПщIантIэм здыдэлъым, хьэр лIымрэ фызымрэ якIэщIэдэIухьащ.
- Ди хьэр жьы хъуащ, дзэ Iутыжкъым, къыдыхьэм ебэныжыркъым. ПщIантIэм дэсхунущ хьэр. И щхьэр ирегъэпсэуж, - жиIащ лIым.
- Аращ хуэфащэр, - акъылэгъу хъуащ фызыр.
Хьэр езыр дэкIащ пщIантIэм, мэзым щIыхьэри дыгъужьым зыхуигъэзащ:
- Чэнджэщ къызэт, дыгъужьыжь, - жиIащ хьэм.
- Зи пщIантIэ сыдэлъым ягу къызэбгъащ, сыкъадэжыркъым, хьэIус къызатыжыркъым.
- Сыт ягу къыщIобгъар? - къеупщIащ дыгъужьыр.
- Жьы сыхъуауэ жаIэ. ПщIантIэм сыкъыдахумэ, хэт секIуэлIэн? Хьэулейуэ сыкъэнакъэ!
- ПщIэнуращ, - къыжриIащ дыгъужьым, - я сабийр здащтэнурэ, лIымрэ фызымрэ пщэдей мэшых кIуэнущ. Сабийр сэ къэспхъуэтэнщи, мэзым щIэсхьэнщ, уэ уныскIэлъыкIуэнщи, адэкIэ зэрыхъури плъагъунщ.
Я сабийр здащтэри, лIымрэ фызымрэ мэшых кIуащ, я хьэри здашащ. Дыгъужьыр къэсащ, сабийр ипхъуатэри мэзым щIихьащ. Хьэр дыгъужьым кIэлъыпхъэращ. Хьэр зыщIигъэхьэри, дыгъужьым сабийр къритыжащ:
- Мэ, сабийр яхуэхьыжи, лIымрэ фызымрэ зэрызащIым еплъ.
Сабийр лIымрэ фызымрэ яхуихьыжащ. Хьэм Iэда-лъэри, тIуми жаIащ:
- Лей етх пэтащ лажьэ зимыIэ хьэм.
Хьэр пщIантIэм дахун мурад яIэжакъым абы и ужькIэ.

Шыдым и хьилагъэ

ЗЫЛI зы шыдыжь иIэти, мэз ирикIуэ зэпытт, мэзым къикIыжамэ, шыдым Iус зэрыритын хуейр зыщигъэгъупщэрт лIым. Фэмрэ къупщхьэмрэ щыхуэкIуэм, шыдыжьым и щхьэр щIихьащ: «Мэз лъапэм сыкIуэнщи, сыщыхъуэкIуэнщ», - жери.
Мэзым къыхэкIри, мыщэр шыдым къыIуплъащ.
- Ухэт, усыт, дэнэ укъикIа псэущхьэ?
- Сышыдщ, сыкъэкIуауэ сохъуакIуэ.
- ИгъащIэм слъэгъуакъым уэ пхуэдэ псэущхьэ, - егъэщIагъуэ мыщэм.
- Сэ укъыздэмыджэгу, мыщэжь! УзыIурыздзэнщи сежьэжынщ, - щIэкIияЩ шыдыр мыщэм.
Мыщэр щтэри, мэзым хэлъэдэжащ. Здэжэм дыгъужьым IущIащ.
- Хэт узыгъэщтар, уи щхьэр щIозыгъэхьар? - игъэщIэгъуащ дыгъужьым.
- Сызыгъэщтам ущIэмыупщIэ. КъытщIыхьэмэ, уэри сэри дыIэщIэкIуэдэнщ.
- НакIуэ, сыгъэлъагъу.
Мыщэмрэ дыгъужьымрэ мэзым къыхэплъащ.
- Мес, мэхъуакIуэри хъупIэм итщ, - жери мыщэр щIэпхъуэжащ.
Шыд и щыпэлъагъутэкъыми, дыгъужьыр шынакъым, бгъэдэкIуатэри щIэкIияЩ:
- Сынощэрти укъысIэрыхьащ, шыдыжь! Усшхынкъэ иджы!
- Сумышх, дыгъужьыжь. Сумышхмэ, уи нэгу зезгъэужьынщ, - жиIащ шыдым.
- Дауэ?
- Си щIыбым уизгъэтIысхьэнщи, жэрыгъэкIэ укъесхьэкIынщ. ИтIанэ сыпшхынщ.
- Хъунщ, содэ, - жери дыгъужьыр шыдым шэсащ.
Дыгъужьыр ирихьэжьэри, зы теуэгъуэ ижауэ, шыдым щакIуэ къилъэгъуащ. ЩакIуэ къежьар зи пщIантIэ дэта лIырат. Дыгъужьыр лIым и пащхьэ ирихьэри, шыдым жиIащ:
- Мыра хъунщ щакIуэ укъыщIежьар. И хъер улъагъу. «Си шыдыжьым лей есхащ, хуэмыфащэ есщIащ», - жери шыдыр лIым и пщIантIэ дишэжащ.

КъуийцIыкIу и хъыбар.
Сурэтхэр **БГЪЭЖЬНОКЪУЭ Заурбэч** *ищIащ.*

ХъуэжыкIафIэ

КЪУАЖЭ гуэрым зэшибл дэст, я нэхъыщIэм АнчокъукIэ еджэрт.
Зэшхэм гу зырыз яIэти, Анчокъу и гур игъэсыжащ, яжьэр къэпым ирикIутэри ирихьэжьащ. «Яжьэр хэт ищэхун?» - жари и къуэшхэр къыщыдыхьэшхащ Анчокъу.
Зы жылэ нэсри, хьэщIэщым ихьащ Анчокъу, яжьэ къэпыр плIанэпэм дигъэуващ. Iэнэ къизыхьа пщащэр хьэщIэщым щикIыжым, Анчокъу жиIащ:
- ПлIанэпэм дэзгъэува къэпым фимыплъэ: дыщэ илъщи, фиплъэмэ, яжьэ хъунущ. Сэ Iуэху блэкI сиIэщи, сежьэнурэ пщэдджыжь къэзгъэзэжынущ.
Ар жери, Анчокъу хьэщIэщым икIащ, ар щежьэм пщащэм и нысэр къигъэдэIуащ:
- Ди хьэщIэм и къэпым дигъаплъэ, - жери.
Пщащэмрэ нысэмрэ хьэщIэщым кIуащ, къэпыщхьэр итIатэри, пщащэр къэпым иплъащ: къэпым яжьэт илъыр.
- Ди щIалэ хьэщIэм пцIы къытхуиупсащ, - жаIащ пщащэмрэ нысэмрэ.
Я хьэщIэр къэсыжмэ, - плIанэпэм дигъэува къэпым и щхьэр тIэтащ.
- Хэт си къэпым и щхьэр зытIэтар, хэт къэпым иплъар?
-Сэращ, - зиумысыжащ пщащэм.
- Къэпым фиплъэ зэрымыхъунур вжесIатэкъэ? Къэпым фиплъэри, си дыщэр яжьэ фщIащ. - Унагъуэм яхыхьэри япиубыдащ: - Дыщэ къэпыр къызэфтыж.
Дыщэ къэп дэнэ кърахынт унагъуэм?
- Дыщэ къэп къызэвмытынумэ, фи пхъур къызэфт,- яжриIащ Анчокъу унагъуэм.
ФэфI кърапльати, я пхъур кърати, щIалэр кърагъэжьэжащ. И унэ ихьэжри, пщащэ дахэкIейр щальагъум, Анчокъу и къуэшхэм я нэр къихуащ.
- Пщащэр дэнэ къипха? - жари.
- Гур згъэсыжри, яжьэ къэп есхьэжьати, пщащэр абыкIэ къэсхъуэжащ, - жиIащ Анчокъу. - ХъуэжыкIафIэ сыхъуакъэ! Фэри фигухэр вгъэсыжи, яжьэр ефхьэжьэ: яжьэкIэ пщащэ къывэзыхъуэжын фыхуэзэнкIэ мэхъу.
Анчокъу и къуэшхэм ягухэр ягъэсыжри, яжьэр ирахьэжьащ, ауэ яжьэкIэ пщащэ къезыхъуэжын ирихьэлIакъым.

●Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Къэдабафэ сурэтхэр

Зэхъуэхъу Валерэ еплъэныгъэм къекIуэлIахэм фIыщIэ яхуещI.

КъБР-м и Лъэпкъ музейм къыщызэIуахащ Зэхъуэхъу Валерэ и IэдакъэщIэкIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. Ар ирагъэхьэлIащ сурэтыщIым и ныбжьыр илъэс 60 зэрырикъуам.

ЗЭIУЩIЭР зэхэзышами абы кърихьэлIахэми яхуэгъэза псалъэ гуапэхэмкIэ ар къызэIуихащ КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Темыркъан Геннадий икIи Урысейм и СурэтыщIхэм я союзым и секретариатым къыбгъэдэкI тхыгъэм къеджащ. Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщI Дау Мариннэ гъэлъэгъуэныгъэр псэм и махуэшхуэу жиIащ икIи зи пашэ IуэхущIапIэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъыр Зэхъуэхъум иритащ.

КъыкIэлъыкIуэу къэпсэлъапIэр хуит зыхуащIа журналист Скорых Аллэ Валерэ фIыщIэ хуищIащ «Солнышко» сабий журналым къытрадза и таурыхъхэр екIуу и сурэтхэмкIэ зэригъэщIэрэщIам къыхэкIыу.

Гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлIат цIыху куэд, балигъхэм нэмыщI сабийхэри щыпэкIурт - илъэс 11 хъуауэ Зэхъуэхъу Валерэ зи унафэщI Сабий художественнэ школым и гъэсэнхэр, къанэ щымыIэ жыхуаIэм хуэдэу, къэкIуат.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, Лъэпкъ музейм и пэшым щIэхуакъым сурэтыщIым и IэдакъэщIэкI псори. Псалъэм и хьэтыркIэ, абы щыплъагъунукъым Валерэ илъэс куэд хъуауэ щылажьэ тхылъ графикэм ехьэлIахэр. Ауэ уи нэр ягъэгуфIэ иужьрей зэманым ищIа лэжьыгъэхэм, сеIусащэрэт жыуагъэIэу къэдабафэхэм. Абыхэм гур ягъэхуабэ, псэр дахагъэм хуагъэуш, дэтхэнэ зыри гурыIуэгъуэщ. ЖыпIэнуракъэ, псори гуапагъэрэ нэхугъэкIэ гъэнщIащ.

БЛИЙ Даянэ.
Сурэтыр
КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

●Хъыбар гуапэ

Лъакъуэдыгъу Рамзес и ехъулIэныгъэщIэ

Европэм етIуанэ увыпIэр щеубыд. Франджы, *2008 гъэ*

Дуней псом и чемпион хъуащ. *Мальтэ, 2010 гъэ*


«ЩIы хъурейм и цIыхухъу нэхъ пкъыфIэ» зэпеуэм 2-нэ увыпIэр къыщехь. *Лондон, 2011 гъэ*


«Гладиатор» клубым. *Москва, 2011 гъэ*


Лъакъуэдыгъу Рамзес.
Сурэтыр 2007 гъэм трахащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуауэ спорт лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ лъагапIэ инхэр къэзыщтэфахэм ящыщщ бодибилдингымкIэ дуней псом и чемпион Лъакъуэдыгъу Рамзес.

АБЫ ИДЖЫПСТУ Мэзкуу зыщегъасэ икIи ехъулIэныгъэ инхэр зригъэгъуэтащ. Ар дунейпсо классымкIэ спортым и мастерщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ. 2008 гъэм Европэм и вице-чемпион хъуащ, ди къэралым, нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэхэм мызэ-мытIэу пашэныгъэр щиубыдащ.

Лъакъуэдыгъу Рамзес и текIуэныгъэ нэхъ ин дыдэр нэгъабэ къехъулIащ - Мальтэм щекIуэкIа дунейпсо зэпеуэм ар чемпион щыхъуащ. Абы къыкIэлъыкIуащ мыхьэнэкIэ зыкIи мынэхъ лъахъшэ ехъулIэныгъэшхуэр: Инджылызым и къалащхьэ Лондон профессионалхэм иджыблагъэ щрагъэкIуэкIа «ЩIы хъурейм и цIыхухъу нэхъ пкъыфIэ» («Мистер Вселенная») зэхьэзэхуэм Лъакъуэдыгъум дыжьын медалыр къыщихьащ.

Дынохъуэхъу, Рамзес!

ХЬЭТАУ Ислъам.

●Зэхыхьэхэр

«Дыгъэм и хэщIапIэр

ЩэкIуэгъуэм и 30-м КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и пэшышхуэм щызэхэтащ наркотикхэм пэщIэтыныкIэ «ЩIалэгъуалэ узыншэр Кавказ Ищхъэрэм и беигъэщ» профилактикэ Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ Железноводск къалэ щекIуэкIа спорт зэхьэзэхуэхэм ди республикэм икIа гупым 2-нэ увыпIэ къызэрыщихьар гъэлъэпIэным теухуа зэхыхьэ.

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ министерствэщIэм и тхьэмадэ Хьэжырокъуэ СултIан. Ар кIэщIу тепсэлъыхьащ зэпеуэр къызэрызэрагъэпэща щIыкIэм, зи жэрдэмым. НаркотикхэмI ебэнынымкIэ 2012 гъэм нэсыху зэхалъхьа къэрал Стратегиер гъэзэщIэным хуэлажьэ Къэрал комитетым и Кавказ Ищхъэрэ къудамэм Ставрополь крайм хыхьэ Железноводск къалэм дэт «Дыгъэм и хэщIапIэ» нэгузыужь центрым 2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 20-м щригъэкIуэкIащ «ЩIалэгъуалэ узыншэр Кавказ Ищхъэрэм и беигъэщ» спорт зэхьэзэхуэхэр.

БоулингкIэ зэпеуэхэм я деж ди республикэм щыщу етIуанэ увыпIэ къыщызыхьа цIыхуи 4-м я нэхъыжь Прозоров Георгий зэрыжиIамкIэ, а спорт лIэужьыгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщиужьынымкIэ хэкIыпIэфIхэр щыIэщ. Гъэ къакIуэ Налшык къалэ къыщызэIуахын хуейуэ щытщ а джэгукIэм хуэщIа губгъуэ щхьэхуэ.

- Зэхьэзэхуэхэм щIалэгъуалэр дегъэхьэхыным мыхьэнэшхуэ иIэщ, - жеIэ Прозоровым. - ГъащIэ узыншэм, ныбжьэгъугъэ нэсым я щапхъэфIхэр щIэблэщIэм ирагъэлъагъупхъэщ.

ЗэIущIэм и кIэм Урысейм Наркотикхэм кIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ къулыкъум и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и къудамэм и унафэщI Тежае Мухьэрбий Железноводск щыIахэм хъуэхъукIэ захуигъэзащ икIи щIыхь тхылъхэмрэ тыгъэ цIыкIухэмрэ яхуигуэшащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Егъэджэныгъэри нэгузыужьри щызэхэухуэнауэ

ГъащIэр и пIэ иткъым, абы зеужь, зехъуэж, йофIакIуэ. А зыужьыныгъэхэр пыщIащ езы гъащIэм къытхуигъэув IэмалыщIэхэм. Ахэр къэбгъэсэбэпыфын, уи лэжьыгъэм хэпща хъун папщIэ лэжьыгъэшхуэ ебгъэкIуэкIын хуейщ, абы узэрыбгъэдыхьэн IэмалхэрI къэлъыхъуапхъэщ.

IЭМАЛЫЩIЭХЭР къызэрагъэсэбэпыр, ахэр еджэныгъэм зэрыхапщэфыр наIуэ къащIащ Налшык дэт гимназие №4-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэхэм. Къалэ семинарым щагъэлъэгъуат лэжьыгъэм хэпщэн хуейуэ къалъытэ, егъэджэныгъэм ехьэлIауэ лIэщIыгъуэщIэм къытхуигъэув Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэхэр къызэрагъэсэбэпыфыр къыщагъэлъэгъуа дерс купщIафIэхэр. Абыхэм ящыщт кейс-stud Iэмалыр, Интернетыр къагъэсэбэпурэ предметхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэр къыщагъэлъэгъуа дерсыр, Аванесовым и методымкIэ тест къэпщытэныгъэр, синквейн методыр, нэгъуэщI куэди. А псом егъэджакIуэхэр зэрыбгъэдыхьэр, еджакIуэхэм ар къызэрагъэсэбэпыфыр зрагъэлъагъуну гимназием къыхуеблэгъат ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ институтым и лIыкIуэхэр. А IуэхущIапIэм адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ егъэджынымрэ методикэмкIэ и кафедрэм и унафэщI, педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат Инчы Иринэ я пашэт район школхэм щыщу институтым къекIуалIэ егъэджакIуэхэм. ХьэщIэхэр гуапэу кърагъэблэгъащ гимназием и унафэщI Нэгъуей Риммэ икIи яжриIащ и лэжьакIуэхэм IэмалыщIэхэр и чэзум я Iуэхум зэрыхалъхьэфыр.

НэгъуэщI предметхэми хуэдэу, адыгэбзэмрэ литературэмрэ ехьэлIауэ IэмалыщIэхэр къэгъэсэбэпыныр зэрыIуэхуфIым и гугъу ищIащ Мамий Ирэ. Абы и къэпсэлъэныгъэр презентацэ хьэлэмэтхэмкIэ щIэгъэбыдат.

Гимназием и унафэщIым кърагъэблагъэурэ, мызэ-мытIэу курс ирагъэкIуэкIауэ щытащ щIэныгъэлI Аванесовым. Абы гимназием и егъэджакIуэхэр щыгъуазэ ищIащ тест лэжьыгъэм и зэхэгъэувэкIэ лIэужьыгъуэхэм. А псори къызэщIакъуэжри, егъэджакIуэхэм я лэжьыгъэм ар зэрырапхыфыр, сабийхэм къазэрыгурыIуэр, адрейхэми къакIэрымыхуу, кейс-study технологиер адыгэбзэ дерсхэми къызэрыщыбгъэсэбэпыфыр егъэджакIуэ зыбжанэм наIуэ къащIащ.

Сабийм и лэжьыгъэр зэман кIэщIым илъагъужынри Iуэху цIыкIукъым. Ар щынэрылъагъут проект лэжьыгъэр зи лъабжьэ дерсым. Утыку кърахьащ «ЩоджэнцIыкIу Алий и творчествэм ухуэзышэ лъэс лъагъуэ» фIащауэ къыдагъэкIа тхылъ цIыкIур.

Гулъытэншэу къагъэнакъым мыадыгэ сабийуэ адыгэбзэ зыджхэм я дерсхэм IэмалыщIэхэр хапщэнри.

Еджэныгъэм къыдэкIуэуи нэгузыужь Iуэхугъуэ хьэлэмэт щекIуэкIащ гимназием а махуэм. Хабзэ дахэ хъуауэ къызэрагъэпэщ «ДызэрыцIыхунщ» зэхьэзэхуэм и зы Iыхьэу зэхашам и хэгъэрейр абы хэтыну зи чэзу 7-нэ классым щеджэ ныбжьыщIэхэрт.

Егъэджэныгъэри нэгузыужь Iуэхури щызэхэухуэна IуэхущIапIэм уигу къегъэкI «Зэманым декIур лIыфIщ» адыгэ псалъэжьыр.

КIУЭКIУЭ ХьэIишэт.

●КъБР-м и прокуратурэм

Суд ятещIыхьыпхъэу къалъытэ

КъБР-м и прокуратурэм законым къезэгъыу къилъытащ УФ-м и Уголовнэ кодексым и 33 статьям и 5-нэ Iыхьэм, 280 статьям и 2-нэ Iыхьэм, 205.1 статьям и 1-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа къуаншагъэхэр ялэжьауэ къызэрилъытэм къыхэкIыу ТхьэмытлIокъуэ Н. З., Гъут Е. А. сымэ яхуэгъэза уголовнэ Iуэху Урысей Федерацэм СледствэмкIэ и комитетым СледствэмкIэ и управленэу КъБР-м щыIэм къызэрызэIуихар.

СЭТЕЙ къызэращIамкIэ, ищхьэмкIэ къыщыгъэлъэгъуа цIыхухэр IэщэкIэ зэщIэузэда щIэпхъаджащIэ гупхэм хэтхэм ядэIэпыкъуащ икIи абыхэм террорист щIэпхъаджагъэхэр ялэжьынымкIэ зыщIагъэкъуащ. Уголовнэ Iуэхум хиубыдэу иджыпсту зыхуэфащэ зэхэгъэкIыныгъэхэр ирагъэкIуэкI.

Сабий зеиншэхэм я хуитыныгъэхэр къызэпауд

Налшык къалэм и прокуратурэм иджыблагъэ къипщытащ сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу къэна сабийхэмрэ псэупIэкIэ къызэрызэрагъэпэщыр. КъэпщытэныгъэхэмI япкъ иткIэ къалэ прокуратурэм судым лъэIу тхылъу 28-рэ игъэхьащ ищхьэкIэ къыщыгъэлъэгъуа сабийхэм ящыщу зыхуэфащэхэр псэупIэкIэ къызэригъэпэщыну Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къалэн щащIын папщIэ.

ПРОКУРОРХЭМ ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, сабий зеиншэу, адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу къэна сабийуэ 170-м псэупIэ кърату папщIэ Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм зыщрагъэтхащ. Абыхэм ящыщу 2009, 2010 гъэхэм, 2011 гъэм и япэ мазипщIым къриубыдэу социальнэ мардэхэм къитIасэ псэупIэхэр цIыху 77-м иратын хуеящ, ауэ а къалэныр зэрамыгъэзэщIам къыхэкIыу къалэ прокуратурэм судым зыхуигъэзащ КъБР-м и Правительствэм сабийхэм я Iуэхур дигъэкIыну къалэн щащIыну щIэлъэIуу.

ПсэупIэ хуэныкъуэхэм ящыщу 50-м я ныбжьыр иджыри илъэс 18 ирикъуакъым. Ахэр еджапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щIэсщ, тIур «Сабий унэ» къэрал IуэхущIапIэм щапI. Сабий зеиншэхэм ящыщу 4-м мы Iуэхум теухуауэ езыхэм судым зыхуагъэзащ икIи суд унафэкIэ КъБР-м и Правительствэм къалэн щащIащ абыхэм псэупIэ яритыну.

Къэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым къалэм и прокуратурэм и лэжьакIуэхэм къызэхакIухьащ сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу къэна сабийхэмрэ щыпсэу щIыпIэхэр. Абы ипкъ иткIэ псэупIэ зэрамыIэм къыхэкIыу цIыху 21-рэ къэтхъэусыхащ. Абыхэм хэплъэри, Налшык къалэ судым лъэIу тхылъу 21-рэ ягъэхьащ КъБР-м и Правительствэм сабийхэр псэупIэкIэ къызэригъэпэщыну къалэн щащIыну щIэлъэIуу.

Хэхауэ къэгъэлъэгъуапхъэщ унэ зратын хуей сабий зеиншэу, адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу къэна сабийуэ 18 езыхэр щыпсэу щIыпIэхэм зэрыщамыгъуэтар.

КъБР-м и прокуратурэ.

Адыгэ махуэгъэпсыр къэфщэхуну фыхуеймэ

●Гу зылъытапхъэ

УЭРЫШ Нурхьэлийрэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ 2012 гъэм и адыгэ махуэгъэпс къызэрыдагъэкIам и хъыбар зэхэзыха куэд «Адыгэ псалъэ» газетым къопсалъэ, ар къыщыпщэху хъуну щIыпIэм къыщIоупщIэ. Махуэгъэпсыр къэзыщэхуну хуейхэм ар къыщагъуэтынущ:

Налшык къалэ:

«Адыгэ унэ» тыкуэным *(Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 49);*

«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и тыкуэным *(Головко и цIэр зезыхьэ уэрам, 6);*

«Тамерис» шхапIэм *(Кулиевым и цIэр зезыхьэ уэрам, 3);*

«Роспечать»-м *(Ленинымрэ Толстоймрэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм я зэхэкIыпIэм деж щиIэ газет щапIэм);*

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и IуэхущIапIэм *(Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, 1-нэ къат, телефоныр: 47-22-63, сыхьэт 11-м щыщIэдзауэ 14 хъуху);*

Куейхэм:

Бахъсэн, Тэрч районхэм я Адыгэ Хасэхэм я IуэхущIапIэхэм.

Апхуэдэуи гу лъывэдгъэтэну дыхуейт махуэгъэпсым и бжыгъэр куэд зэрымыхъум, ар псоми зэралъымысынум. Арачи, ар зи унэ илъыну, лэжьапIэхэм къыщызыгъэсэбэпыну хуейхэр Iуэхум епIэщIэкIмэ нэхъыфIщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ**(жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Истэпан Залинэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.)*, **корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Мырзэкъан ФатIимэ.** ***КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ищIащ*** **Мэлбахъуэ Анжелэ,** ***сурэтхэм елэжьар*** **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 4.553● Заказ №3976